# Jalpı aymaqlıq ónim

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha, 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda - JAÓ) kólemi hárekettegi bahalarda 11 313,1 mlrd. sumdı quradı hám 2020- jıldıń yanvar-iyun ayları menen salıstırǵanda 6,5 % ke ósti.

JAÓ deflyator indeksi 2020- jıldıń yanvar-iyun aylarındaǵı bahalarǵa salıstırǵanda 116,8 % ti quradı.

Ózbekstan Respublikasınıń JAÓ ine Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qosqan úlesi 3,6 % ine tuwra keledi.

## Yanvar-iyun aylarında Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ di islep shıǵarıw kólemi hám ósim pátleri

| | Mlrd. sum | | Ósim pátleri, ótken jılǵa salıstır-ǵanda % te |
|---|---|---|---|
| | *2020- jıl* | *2021- jıl* | |
| **I. JAÓ** | **9 099,6** | **11 313,1** | **106,5** |
| *sonnan:* | | | |
| Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 8 507,2 | 10 244,4 | 106,5 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 592,4 | 1 068,7 | 106,2 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **8 507,2** | **10 244,4** | **106,5** |
| **Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **1 606,3** | **1 883,0** | **100,4** |
| **Sanaat (qurılıstı qosqan halda)** | **3 354,1** | **4 182,4** | **109,3** |
| sanaat | 2 554,7 | 3 201,7 | 107,2 |

| | | Mlrd. sum | | Ósim pátleri, ótken jılǵa salıstır-ǵanda % te |
|---|---|---|---|---|
| | | 2020- jıl | 2021- jıl | |
| | qurılıs | 799,4 | 980,7 | 116,1 |
| | **Xızmetler** | **3 546,8** | **4 179,0** | **106,6** |
| | tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs | 463,5 | 554,0 | 107,1 |
| | Sawda, turar jay hám awqatlanıw | 540,1 | 652,6 | 112,6 |
| | basqa xızmet túrleri | 2 543,2 | 2 972,4 | 105,2 |

Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ 5 868,1 mıń sumdı quradı hám bul kórsetkish ótken jılǵa salıstırǵanda 5,2 % ke ósti.

## Yanvar-iyun aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ kólemi hám ósim pátleri



| | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|
| **Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ kólemi** *(mıń sum)* | 4 778,4 | 5 868,1 |
| **Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ ósim pátleri** *(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda % te)* | -2,2 | 105,2 |

Aymaq ekonomikasınıń barlıq tarawlarınıń jalpı qosılǵan qunı (JQQ) kólemi ulıwma JAÓ niń 90,6 % in, ónimlerge bolǵan salıqlar bolsa 9,4 % in quradı.

Esabat dáwirinde Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵınıń JAÓ niń tarawlar boyınsha quramındaǵı úlesi 18,4 % ti, sanaat tarawı 31,3 % ti, qurılıs 9,6 % ti hám xızmetler tarawı 40,7 % ti quradı.

**Yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı** *(jámine salıstırǵanda % te)*

| | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|
| **I. JAÓ** | **100,0** | **100,0** |
| *sonnan:* | | |
| Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 93,5 | 90,6 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 6,5 | 9,4 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **100,0** | **100,0** |
| **Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **18,9** | **18,4** |
| **Sanaat (qurılıstı qosqan halda)** | **39,4** | **40,9** |
| sanaat | 30,0 | 31,3 |
| qurılıs | 9,4 | 9,6 |
| **Xızmetler** | **41,7** | **40,7** |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs | 5,4 | 5,4 |
| Sawda, turaq jay hám awqatlanıw | 6,3 | 6,4 |
| basqa xızmet túrleri | 30,0 | 28,9 |

## Yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı *(jámine salıstırǵanda % te)*

### 2020- jıl




### 2021- jıl



JAÓ nin ósiwi aymaq ekonomikasınıń tiykarǵı tarawlarındaǵı unamlı ósim pátleri menen baylanıslı. Ósim pátleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında – 100,4 % (JAÓ nıń tarawları boyınsha quramındaǵı úlesi – 18,4 %), sanaatta – 107,2 % (31,3 %), qurılısta – 116,1 % (9,6 %), xızmetler tarawında – 106,6 % ti (40,7 %) quradı. Xızmetler tarawı quramında ósim pátleri sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 107,1 % (5,4 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs 112,6 % (6,4 %), basqa xızmet tarawlarında 105,2 % ten (28,9 %) ibarat boldı.

**Yanvar-iyun aylarında JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulıwma ósim pátleri**
*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda % te)*






JAÓ ósiwine awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarawı 0,1 p.p. (2020- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 0,7 p.p.), sanaat tarawı – 2,0 p.p. (2020- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 0,4 p.p.) hám qurılıs tarawı – 1,4 p.p. (2020- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 1,4 p.p. azaydı), xızmet kórsetiw tarawı – 2,6 p.p. (2020- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 0,2 p.p. azaydı) salmaqlı úles qostı. Ónimlerge bolǵan salıqlardıń ósiwi esabına JAÓ 0,4 p.p. (2020- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 0,3 p.p. azaydı) ke kóbeygen.



**2021- jıl yanvar-iyun aylarında JAÓ ósiwinde tarawlardıń úlesi**
*(jámine salıstırǵanda % te)*



2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında JAÓ deflyatorı indeksi 2020- jıldıń yanvar-iyun aylarında bahalarǵa salıstırǵanda 116,8 %ti quradı. JAÓ deflyatorı indeksiniń eń joqarı kórsetkishleri sanaatta – 116,9 %, awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında – 116,7 % boldı.

**Yanvar-iyun aylarında JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha deflyator indeksi**
*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda % te)*




**Yanvar-iyun aylarında JAÓda kishi isbilermenniń úlesi**
*(jámine salıstırǵanda % te)*




2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında kishi subyektlerdiń JAÓdegi úlesi 49,9 % ti quradı (2020- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 50,4 %).

JAÓ niń ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda páseyiwi iri kárxanalar úlesiniń ósiwi menen anıqlama beriledi.